



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO PREPARE KAY YO  
POU MOVE TAN PANDAN SEMÈN SANSIBILIZASYON SOU MOVE TAN AN**

*Semèn sansibilizasyon sou move tan an ap rive jiska 27 avril*

*Plis pase 380,000 Nouyòkè te resevwa fòmasyon sou ijans ak preparasyon kont  
dezas atravè Kò Preparasyon Sitwayen New York la*

*Jwenn yon fòmasyon Kò Preparasyon Sitwayen Eta New York ki toupre w [isit la](#)*

*Enskri pou [NY-Alert](#), sistèm alèt ijans gratis Eta a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman Semèn Sansibilizasyon sou Move Tan nan Eta New York, li ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran mezi pou prepare tèt yo ak fanmi yo pou lè move tan frape. Gouvènè a te raple Nouyòkè yo ke youn nan pi bon fason pou yo rete prepare se lè yo pran yon kou Kò Preparasyon Sitwayen (Citizens Preparedness Corps, CPC) Eta New York epi tandè dirèkteman ekspè nan jesyon ijans sou mezi moun ak fanmi yo ta dwe pran pou yo rete an sekirite pandan move tan. Nouyòkè yo dwe enskri pou [NY-Alert](#), sistèm alèt ijans gratis Eta a, pou yo ka resevwa alèt meteyo ak lòt ijans alè.

"Nou espere sa ki pi bon men nou prepare pou pi mal la, epi Semèn Sansibilizasyon sou Move Tan an pote yon limyè sou kijan preparasyon sa a enpòtan," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo revize konsèy sekirite sa yo epi suiv yo otan sa posib. Rete enfòme se kle lè sa gen pou wè ak sove lavi."

Kò Preparasyon Sitwayen (Citizen Preparedness Corps, CPC) Eta New York, ke Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York ak Gad Nasyonal New York (New York National Guard, DMNA) te administre, te etabli an 2014 pou fòme Nouyòkè yo sou kijan pou yo prepare pou ijans ak katastwòf, reponn imedyatman epi rekipere pi vit posib kondisyon anvan katastwòf yo. Apeprè 388,000 Nouyòkè te pran fòmasyon CPC nan anviwònman kominotè atravè Eta a depi 2014.

Pandan yon fòmasyon CPC, patisipan yo aprann sou kat etap pou preparasyon chak Nouyòkè ta dwe konnen epi aji pou konplete anvan pwochen katastwòf la frape:

1. **Prepare yon plan** pou ou ak fanmi ou lakay, lekòl, nan travay ak anplennè. Idantifye yon plas sekirite pou jwennabri epi konnen ki mezi pou pran lè yo emèt yon avètisman ijans. Konsidere bèt kay yo lè w ap planifye pou yon ijans.
2. **Bati yon twous** pwovizyon ijans ki dire omwen 10 jou. Mete flach, radyo meteyo ak pil siplemantè. Ou ta dwe genyen yon twous chak pou kay ou ak machin ou. Planifye pou nenpòt bezwen medikal fanmi ou ka genyen. Kenbe founiti ijans pou bèt kay.
3. **Rete branche** estasyon televizyon ak radyo yo pou mesaj Sistèm Alèt Ijans (Emergency Alert System, EAS) yo epi swiv nenpòt òdonans ijans lokal yo bay. Resevwa enfòmasyon ijans atravè òdinatè oswa selilè ou lè w enskri nan NY Alert nan [alert.ny.gov](http://alert.ny.gov), yon sèvis gratis ki ba w enfòmasyon ijans enpòtan lè w plis bezwen li.
4. **Vizite biwo jesyon ijans lokal ou** pou aprann plis sou fason pou pwoteje tèt ou ak fanmi w. Konsidere fè volontarya nan òganizasyon tankou [Lakwa Wouj Amerikèn](#), [New York Cares](#) oswa [Salvation Army](#).

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare,** "Mwen espere Nouyòkè yo pran yon ti moman pandan semèn sa a pou fè yon plan pou pwoteje fanmi yo nan ka ta gen move tan. Li se yon bon rapèl ke NY fè eksperyans inondasyon ak tònad, souvan pi komen nan prentan ak ete a, epi Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan epi yo dwe rete okouran."

An 2023, inondasyon akòz gwo lapli te rete katastwòf metewolojik ki te rive pi souvan nan Eta New York. Nan dat 9 jiyè 2023, gwo lapli ki soti nan tanpèt loraj ki ralanti te pote jiska nèf pous lapli nan kèk pati nan rejyon Mid-Hudson ak Vil New York nan yon peryòd twa èdtan, ak yon lòt 3-5 pous lapli nan dat 13 ak 14 jiyè. Nan evènman separe ete pase a, yon epidemi tanpèt nan kòmansman mwa out nan Sant New York te lakòz fòmasyon sèt tònad nan kèk èdtan.

Kòm evènman metewolojik ekstrèm tankou sa yo ap rive pi souvan, Eta New York ap kontinye travay men nan men ak patnè enpòtan yo non sèlman pou kontwole ak anpil atansyon modèl metewolojik yo men pou ede pwoteje kominote yo ak enfrastrikti yo kont enpak tanpèt alavni yo ak lòt evènman metewolojik ekstrèm yo.

An desanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse kreyasyon Sant Kominikasyon Risk Meteyo Eta New York oswa SWRCC (State Weather Risk Communication Center, SWRCC) nan State University of New York nan Albany. Sant lan se yon premye nan jan li nan kolaborasyon operasyonèl ant chèchè inivèsite yo ak manadjè ijans eta a epi li sèvi kòm yon sant echanj enfòmasyon sou move tan. Li travay tou pou devlope zouti pou ede manadjè ijans yo pran desizyon enfòmasyon pou ede pwoteje kominote yo epi egzamine fason yo ka amelyore kominikasyon sou risk metewolojik ekstrèm yo bay piblik la.

**Direktè SWRCC, Nick Bassill PhD, te deklare,** "Sant Kominikasyon Risk Meteyo Eta New York la fyè pou l kontribiye nan misyon patnè jesyon ijans nou yo nan eta a nan kreye nouvo zouti metewolojik ak estrateji kominikasyon. Zouti sa yo sèvi ak yon pakèt done metewolojik ki inik nan NY, tankou Mesonet NYS anplis done sou enfrastrikti lokal yo pou idantifye kote ki gen anpil chans sibi inondasyon an tan reyèl. Pandan sezon move tan sa a, nou pral travay nan tèt kole ak patnè jesyon ijans nou yo pou amelyore preparasyon ak repons a evènman move tan ki gen enpak yo."

Eta New York ap travay nan tèt kole ak Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service, NWS) la ki bay done metewolojik, dlo ak klima, previzyon, avètisman, ak lòt sèvis sipò pou ede pwoteje lavi ak pwopriyete nan Eta New York ak atravè peyi a. Biwo Previzyon Albany NWS la se biwo prensipal pou Eta New York ak lòt biwo sipò nan Buffalo, Binghamton, Upton, ak Burlington, VT.

**Meteyowològ an chèf NWS, Christopher Gitro, te deklare,** "Eta New York resevwa tout fòm move tan tanpèt loraj lakòz, soti nan gwo van ak gwo lagrèl rive nan inondasyon ak tònad detanzantan. Sonje byen, pa gen okenn kote ki an sekirite deyò lè loraj nan zòn nan. Si w ka tandè tonè, zeklè ka frape w. Rete vijilan pou posiblite pou tanpèt loraj ak move tan nan kontwòle dènye previzyon yo ak pèspektiv move tan danjere nan [www.weather.gov](http://www.weather.gov)."

Biwo Jesyon Ijans Eta New York la ak Sant Siveyans li a genyen anplwaye pandan tout ane a pou siveye move tan ak lòt evènman ki gen rapò ak ijans oswa katastwòf atravè eta a. Yo travay ak antite gouvènman lokal, eta ak federal, ki gen ladan NWS ak SWRCC, pou bay sekouris ijans yo ak piblik la enfòmasyon egzak ak alè konsènan move tan ki kapab grav ak fason pou prepare yo.

## **Konsèy Sekirite pou Move Tan**

### **Inondasyon Eklè**

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

### **Loraj**

- Konnen diferans ki genyen ant yon Alèt ak yon Avètisman: Yon Alèt vle di tanpèt posib men yon Avètisman vle di ke yo te wè yon gwo tanpèt epi li ta dwe deplase nan zòn ou an talè.

- Si w ka tande tonè a, ou pre loraj la ase pou zeklè a frape w. Ale nan yonabri sekirize imedyatman tankou yon bilding ki solid. Si pa genabri solid ki disponib, antre nan yon otomobil kote tèt li solid epi kite vit yo monte.
- Soti nan bato yo epi rete lwen dlo.
- Liy telefòn yo ak tiyo an metal yo ka kondwi kouran. Dekonekte aparèy ki pa nesèsè pou jwenn enfòmasyon meteyowolojik yo. Evite itilize telefòn oswa nenpòt aparèy elektrik. Itilize telefòn yo sèlman nan ka ijans.
- Pa benyen ni pran douch.
- Etenn èkondisyone - gwo tansyon ki soti nan zèklè ka sichaje konpresè yo.
- Ale nan altitud ki pi wo yo si li posib pou gen inondasyon rapid oswa inondasyon.
- Pa eseye kondwi pou al mete ou an sekirite - laplipa lanmò nan inondasyon rapid yo rive nan otomobil yo.
- Si w deyò, jwenn yon kote ki ba lwen pye bwa, kloti ak poto.
- Si w nan rakbwa, pran refij anba pye bwa kout.
- Si ou santi pikotman oswa cheve ou kanpe, koupi byen ba a tè a sou pwent pye ou; mete men ou sou jenou ou avèk tèt ou nan mitan yo; fè tèt ou vin pi piti sib posib; epi minimize kontak ou ak tè a.

## Zeklè

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zeklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zèklè an pre ase pou li frape ou. Chècheabri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nanabri ou an.
- Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yonabri, rete lwen pye bwa yo. Si pa genabri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

## Tònad

- Si ou deyò, epi yo pibliye yon Avètisman Tònad, chècheabri imedyatman. Si w pa gen okenn kote tou prè w pou w mete w alabri, kouche plat atè nan yon fose oswa yon kote ki ba epi mete men w sou tèt ou.
- Si ou lakay ou oswa nan yon ti bilding, ale nan sousòl lan oswa nan yon pyès pa andedan nan etaj ki pi ba a. Pa kanpe bò fenèt yo. Plaka, chanm deben, ak lòt espas chanm enteryè yo ap pwoteje w pi byen. Antre anba yon bagay ki solid oswa kouvri tèt ou ak yon matla.
- Si ou nan yon lekòl, yon lopital, oswa yon sant komèsyal, ale nan zònabri yo deziyen alavans lan. Pa kanpe nan espas ouvè ki laj yo aswa bò fenèt yo. Pa soti deyò pou al nan machin ou.
- Si ou nan yon bilding ki wo anpil, ale nan yon ti pyès pa andedan oswa nan koulwa nan etaj ki pi ba posib lan. Pa pran asansè - pran eskalye pito.

## Founiti nan Ka Katastwòf

Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:

- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhSES.gov/safety>. Swiv @NYSDHSES sou kanal rezo sosyal li yo, sa gen ladan X, Facebook ak Instagram.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)